

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Tylor dina Ranjabar (2006:21), nétélakeun yén kabudayaan nya éta “*hal kompleks yang di dalamnya terkandung ilmu pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum, adat istiadat, dan kemampuan yang lain serta kebiasaan yang di dapat oleh manusa sebagai anggota masarakat*”.

Ditilik tina wujudna, kabudayaan téh aya tilu rupa nya éta sistem budaya (*ideas*), sistem sosial (*activities*) jeung unsur kabudayaan fisik (*artefak*). Anapon nurutkeun Koentjaraningrat (2009:164-165), ditilik tina unsurna kabudayaan téh ngawengku tujuh hal, nya éta: 1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, 2) sistem sosial jeung sistem kamasarakatan, 3) sistem pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem teknologi.

Minangka salah sahiji tina unsur kabudayaan, kasenian mangrupa sarana nu digunakeun pikeun ngaéksprésikeun kaéndahan tina jero jiwa manusa (*éstétika*). Kasenian mangrupa sarana pikeun nepikeun ajén *éstétis* antara nu nyiptakeun seni ka masarakat luar salaku konsuménna. Ku kituna, seni dipangaruhan ogé ku masarakat salaku konsumén anu ngarojongna.

Masarakat Sunda mibanda kabeungharan kasenian nu can tangtu anggota masarakatna apal kana jenis-jenis éta kasenian. Salasahiji kasenian Sunda nu dianggap buhun diantarana nu aya di Désa Luragung Landeuh, Kec. Luragung, Kab. Kuningan. Éta kasenian téh ngarana Kasenian Cingcowong (nu saterusna disingget jadi KC).

KC nya éta salasahiji upacara ritual pikeun ménta hujan. Ieu upacara ritual biasana dipigawé dina wayah usum halodo panjang \pm 3 bulan sakali. Ieu upacara ritual dipercaya ku masarakat Kacamatan Luragung, saban datang halodo ieu upacara

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan
Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

ritual téh sok dilaksanakeun sangkan taneuh tatanén maranéhanana subur tur jauh tina gagal panén ogé sangkan turun hujan.

KC henteu deui minangka seni ritual tapi geus dimekarkeun sarta diangkat jadi seni pintonan, nya éta seni Tari Cingcowong anu disaluyukeun kalawan tumuwuhna jaman. Nepi ka ayeuna, seni Tari Cingcowong mekar sarta mindeng dipidangkeun dina acara-acara kaperluan pikeun ngabagéakeun sémah Pamaréntah jeung hiburan séjénna.

Lamun ditilik deui, KC miboga ajén-ajén seni nu tina kasang tukang maksud jeung tujuan anu disilokakeun ngaliwatan simbol-simbol. Salah sahiji conto simbol anu aya dina KC nya éta bonéka cingcowong, gamelan, jeung tembang. Éta simbol-simbol nu nyampak téh kudu dipikawanoh ku masarakat Sunda sangkan masarakat Sunda leuwih ngahargaan deui kasenian titinggal karuhun.

Masarakat generasi ngora hususna anu di Lembaga Pendidikan kitu deui kudu diwanohkeun kana éta kasenian. Carana nya éta nyusun bacaan ngeunaan KC pikeun bahan bacaan. Saméméhna aya panalungtikan ngeunaan kasenian-kasenian di Jawa Barat nu diantarana: “Sajarah Simbol-simbol dina Kasenian Singa Dépok Lingkung Seni Jaya Putih 1 Désa Margasari Kacamatan Dauan Kabupatén Subang”. ku Dédé Iskandar (2004), “Ajén Falsafah dina Simbol-simbol Tradisi Hajat Makam di Kampung Kawungatén Kacamatan Cikaum Kabupatén Subang” (ulikan struktural semiotik) ku Déasy Hapsari Suciati Harsono (2008), “Simbol-Simbol Budaya dina Kasenian Ronggeng Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”. ku Ati Nursifa (2008), “Pungsi Simbol dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kacamatan Ciater Kabupatén Subang”. ku Virda Sufia Haétami (2007), jrrd.

Tapi tina éta hasil panalungtikan teu ditimukeun panalungtikan ngeunaan simbol dina KC, komo deui mun dipatalikeun jeung pangajaran mah. Padahal dina

SKKD kelas XII SMA aya bahasan perkara budaya, KC bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran.

Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan “*Simbol-simbol Budaya nu Nyampak dina Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh Kecamatan Luragung Kabupatén Kuningan Pikeun Pangajaran Bahasan Maca di SMA*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan, baris dibahas data tur informasi ngeunaan KC nu aya di désa Luragung-Kuningan. Sangkan panalungtikan teu jembar teuing, masalah anu rék di talungtik téh di watesanan medar ngeunaan kasang tukang kasajarah KC, prak-prakanna, katut simbol-simbolna anu di patalikeun jeung pangajaran di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, ieu di handap:

- 1) kumaha sajarah Kasenian Cingcowong di Kacamatan Luragung?
- 2) pakakas (properti) naon waé nu dipaké dina Kasenian Cingcowong di Kacamatan Luragung?
- 3) kumaha prak-prakanna Kasenian Cingcowong di Kacamatan Luragung?
- 4) naon pungsi Kasenian Cingcowong husuna pikeun masarakat Luragung?
- 5) simbol-simbol naon bae nu aya dina Kasenian Cingcowong di Kacamatan Luragung nurutkeun kana sémiotik?
- 6) naha hasil panalungtikan Kasenian Cingcowong di Désa Luragung bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca bahasan dina pelajaran Basa Sunda di SMA?

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya tur kasenian anu aya di masyarakat Sunda, hususna KC di Kecamatan Luragung Kabupatén Kuningan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) sajarah Kasenian Cingcowong di Kecamatan Luragung;
- 2) pakakas (properti) dina Kasenian Cingcowong di Kecamatan Luragung;
- 3) prak-prakan dina Kasenian Cingcowong di Kecamatan Luragung;
- 4) pungsi Kasenian Cingcowong husuna pikeun masarakat Luragung;
- 5) simbol-simbol Kasenian Cingcowong di Kecamatan Luragung nurutkeun semiotik;
- 6) alternatif pikeun bahan pangajaran maca bahasan dina pelajaran Basa Sunda di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Hasil anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun ngeunaan simbol-simbol dina KC di Désa Luragung. Ieu panalungtikan téh dipiharep miboga mangpaat saperti ieu dihandap:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan Sunda sarta dipiharep ieu simbol-simbol budaya Kasenian Cingcowong bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan dina pelajaran Basa Sunda di SMA;
- 2) masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan Kasenian Cingcowong;

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) panalungtik bisa ngadeskripsikeun Kasenian Cingcowong sangkan méré kabeungharan pangaweruh kabudayaan pikeun nu maca, sangkan ieu tradisi bakal terus nanjeur.
- 2) masarakat Désa Luragung Landeuh bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kana tradisi kabudayaan Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Gurat badag dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu bisa diwincik saperti di handap ieu:

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan, sub judul nya éta kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, rangka teori, anggapan dasar, jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB II Tatapakan tiori medar ngeunaan kabudayaan, simbol-simbol, Kasenian Cingcowong, jeung bahan pangajaran.

BAB III Metodologi panalungtikan, dina bab husus medar métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data, wangenan operasional jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV bahasan simbol-simbol budaya nu nyampak dina Kasenian Cingcowong, medar ngeunaan gambaran prak-prakan kasenian cingcowong di Désa Luragung, jeung implikasi simbol-simbol nu nyampak dina Kasenian Cingcowong di Désa Luragung pikeun bahan pangajaran maca bahasan dina pelajaran basa Sunda di SMA.

BAB V kacindekan jeung saran, mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina skripsi panalungtikan budaya. Bab ieu diwengku ku kacindekan jeung saran.